



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ENVESTISMAN PLIS PASE 6 MILYON DOLA
POU AMELYORE EKITE NAN DOMÈN SANTE A TRAVÈ PWOGRAM CHOOSE
HEALTHY LIFE**

*Finansman sa a pral pèmèt yo sipòte kominote yo atravè tout eta a, epi elaji aksè
a sèvis sante matènèl ak mantal*

*Li baze sou angajman Gouvènè a pou rann Nouyòk pi abòdab atravè resous sante
ki bay sipò*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon ogmantasyon 6.5 milyon dola nan finansman pou sipòte Choose Healthy Life (CHL), yon pwogram ki dedye pou elaji aksè ak ranfòse sèvis sante nan kominote ki defavorize yo, atravè legliz Nwa a. Investisman kontinyèl Gouvènè a nan pwogram Choose Healthy Life la kontinye ogmante, sa ki reflekte angajman li pou amelyore sante Nouyòkè Nwa yo.

"Legliz Nwa yo se poto mitan kominote nou yo, yo ofri espas ki fyab pou koneksyon, sipò, ak swen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou kontinye investi nan Choose Healthy Life, n ap asire sèvis sante esansyèl yo rive jwenn plis fanmi toujou atravè Eta Nouyòk."

Avèk nouvo investisman sa a, Gouvènè a pral angaje plis pase 20 milyon dola depi lè li antre an fonksyon, pou sipòte ekspansyon sèvis esansyèl ki vize amelyore sante ak byennèt kominote Nwa yo. Nou dwe note, ane pase, Gouvènè a te fè yon investisman 5.9 milyon dola pou elaji operasyon yo deyò Vil Nouyòk, lè li ajoute 10 legliz pwogram Choose Healthy Life te finanse atravè tout eta a, kounye a k ap desèvi Nouyòkè yo nan plizyè kominote nan lòt eta a.

Choose Healthy Life te fonde an 2021 nan mitan pandemi COVID la, e li te devlope pou finanse 120 legliz atravè 13 eta. Nouyòk, ki gen 30 legliz, gen plis legliz CHL pase tout lòt eta.

Atravè rezo li ki gen 30 legliz Nwa atravè eta a, epi an patenarya ak United Way of New York City, Choose Healthy Life te rive angaje plis pase 200,000 Nouyòkè, òganize plis pase 3,500 evènman kominotè ki konsakre a byennèt, epi bay plis pase 20,000 moun depistaj konplè konsènan sante, vaksen, ansanm ak sèvis sante prevantif. Plis pase 14,000 moun te sibi tès depistaj pou detèminan sosyal sante yo, epi yo te refere yo bay

sèvis yo. Travay CHL nan Nouyòk se yon vrè patenarya ant sektè piblik ak prive ki mete an valè Blueprint for Wellness, yon tès depistaj konplè pou sante ki bay rezilta tès san yo ka eksplwate. Quest Diagnostics bay sèvis sa a gratis.

Fondatè ak Prezidan Konsèy Administrasyon Choose Healthy Life, Debra Fraser-Howze, te deklare, "Envestisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan Choose Healthy Life refleto yon angajman pwofon pou reponn ak difikilte ki genyen nan domèn sante Nouyòkè Nwa yo ap fè fas. Atravè yon patenarya inik ant sektè piblik ak prive ak Eta a, legliz Nwa yo, ak Quest Diagnostics, nou kapab bay sèvis sante kalite siperyè, san frè, dirèkteman nan anviwònman kominotè ki fyab—sa ki elaji aksè, amelyore rezilta, epi sove lavi atravè Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral United Way of New York City a, Grace Bonilla, te deklare, "Nou ekstrèmman fyè dèske nou jwe wòl patnè pou mete an aplikasyon Choose Healthy Life depi li te kreye. United Way of New York City gen yon eksperyans long nan enkibasyon ak devlopman inisyativ ki gen gwo enpak pou reponn ak bezwen ijan kominote yo. Patenarya sa a refleto sa ki posib pou reyalize lè òganizasyon san bi likratif, òganizasyon kominotè, ak gouvènman an travay nan vrè kolaborasyon pou favorize inovasyon epi rezoud pwoblèm konplèks yo. Se te yon onè pou m kanpe bò kote Choose Healthy Life ak Gouvènè Hochul pou asire fanmi Nouyòk yo gen aksè diy ak swen ak sipò yo merite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Choose Healthy Life, Reveran Kimberly L. Williams, te deklare, "Angajman finansye ak tranzisyon sa a make yon nouvo chapit pou Choose Healthy Life. Envestisman kontinyèl Gouvènè Hochul konfime enpak travay sa a, epi patenarya nou ak United Way of New York City te kreye baz pou yon dirabilite alontèm. Ansanm, n ap ranfòse lyen ki genyen ant lasyans ak relasyon konfyans legliz Nwa pou nou bay rezilta ki siyifikatif atravè Nouyòk."

Ko-Prezidan Konsèy Klèje Choose Healthy Life, Bichòp Leah D. Daughtry te deklare, "Pandan plizyè jenerasyon, legliz Nwa a te toujou yon espas konfyans, lidèchip, swen, ak refij. Avèk sipò Gouvènè Hochul ak United Way of New York City, konfyans sa a kontinye gide fason yo bay swen sante nan kominote nou yo. Choose Healthy Life onore paske li ka apiye sou eritaj sa a."

Konsènan Choose Healthy Life

Choose Healthy Life (CHL) se yon òganizasyon san bi likratif k ap amelyore rezilta konsènan sante atravè legliz Nwa a, lè li finanse, mete sou pye, epi fòme yon mendèv fyab Konseye nan Domèn Sante ki soti nan kominote relijye. Depi lè li fonde an 2021, CHL te òganize plis pase 11,000 evènman, vaksinen, teste ak distribye kit pou fè tès poukont ou bay plis pase 350,000 moun, ak fè tès depistaj pou plis pase 35,000 moun pou risk sante global. Pou plis enfòmasyon, vizite choosehealthylife.org.

Konsènan United Way of New York City

Depi 88 ane, United Way of New York City te travay ak yon kowalisyon patnè ki fyab pou ini pouvwa kominotè ak posiblite vil la ofri. Nou travay ansanm ak patnè

gouvènman, prive ak piblik yo, pou gen yon enpak pozitif sou kominote nou yo, maksimize enpak li nan kowòdone ak aliye founisè sèvis yo, konpayi yo, gouvènman lokal la ak Nouyòkè yo pou ede moun yo elimine obstak yo ak jwenn ajans pou pèmèt yo amelyore lavi yo. Nou reponn ak bezwen ki pi ijan jodi a pandan n ap devlope solisyon transfòmatis pou demen — pandan n ap travay pou sante, opòtinite, ak pwosperite pou chak Nouyòkè nan chak katye. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite unitedwaynyc.org.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)